



Pou Piblikasyon Imedya: 29/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO, ANSANM AK MAJISTRA ST. PETERSBURG, RICK KRISEMAN, ANONSE ETA NEW YORK PRAL ETABLI SIT TÈS NAN LEGLIZ NAN ZÒN SANSIB AK COVID-19 NAN ST. PETERSBURG

Sit nan Pinellas Community Church la pral reyalize 500 tès chak jou

Rezidan yo ka pwograme tès sou randevou lè yo rele (833) NYS-4-FLA

Eta New York ap voye PPE ansanm ak mask, pwoteksyon figi, gan, blouz ak dezenfektan pou men bay St. Petersburg

Foto yo disponib [jisit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Eta New York pral etabli yon sit tès nan St. Petersburg, Florida. Sit nan Pinellas Community Church la pral reyalize 500 tès chak jou.

"Nan moman kote nou te gen bezwen, mwen te mande nan yon jou difisil pandan mwen t ap fè yon ekspoze pou volontè yo vini ede nou. Mwen te mande doktè ak enfimyè yo pou vini New York, epi 30,000 moun atravè peyi a te woule manch rad yo pou ede", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen konnen mwen pale pou tout Nouyòkè lè mwen di n ap toujou rekonesan pou èd sa ki te vini jwenn nou, epi n ap retounen favè a jodi a lè nou voye PPE bay St. Petersburg, kote nou te travay ansanm pou etabli yon sit tès kominotè. N ap kontinye retounen favè a epi bay èd ak nenpòt moun ki bezwen".

Majistra St. Petersburg, Rick Kriseman, te deklare, "Pandan kriz sante piblik sa a, mwen te admire lidèchip Gouvènè Andrew Cuomo ak kapasite pou kominike klèman ak ni Nouyòkè ni nasyon nou an. Pandan Florida kontinye ap fè fas ak pi move faz nan COVID-19 la, mwen rekonesan pou asistans teknik ak oryantasyon Eta New York, ansanm ak don twous tès ak founiti vital yo, epi mwen fyè pou fè patenarya ak yo pou asire rezidan yo ki nan katye ki pi frape nou yo jwenn aksè ak tès anplis. Konte Pinellas ak Vil St. Petersburg sou bon chemen an. Nou te montre Florida chemen an pou chak etap nan wout la, men tès jeneralize ak pwotokòl apre yo rete enpòtan pou rive travèse kriz la. Nou kontan bay yon sit tès gratis nan Pinellas Community Church pou sèvi ni rezidan nan katye a ni sila yo ki nan Sunshine City (vil ansoleye) a".

Sit tès legliz la te kreye avèk ekspètiz ak resous SOMOS Community Care. Eta New York pral bay founiti ki anba yo:

- 124,000 Mask Operasyon (50 ka)
- 7,500 Twous Tès VTM
- 7,500 Blouz
- 11,500 Gan
- 7 500 Mask N95
- 7,500 Ekran pou Pwoteje Figi
- 1,250 Galon Dezenfektan pou Men
- 1,200 Sèvyèt Dezenfektan
- 120 Linèt Pwoteksyon
- 10 Vantilatè a Sikwi Fèmen
- 10 iPad pou ede ak neseseite tele-sante yo

Doktè Ramon Tallaj, ki se Prezidan ak Fondatè SOMOS Community Care, te deklare, "Nou ale kote yo bezwen nou an - doktè SOMOS yo te nan premye liy pandan viris la te fè gwo monte nan Vil New York nan prentan pase a epi te frape kominote yo kote n ap viv ak travay an premye ak pi di. Kidonk, divès doktè kominotè nou yo, kote anpil se imigran yo ye, konprann kijan kominote ki gen revni fèb, imigran ak sa ki minoritè yo vilnerab ak pandemi COVID-19 la nan Tampa-St. Petersburg. Pandan ka yo ap monte nan Florida ak atravè Sun Belt, nou fyè pou patenarya kontinyèl nou an avèk Gouvènè a pou ogmante tès yo nan plis kominote nan pote eksperyans New York la nan zòn ki plis gen bezwen yo. Nou pa ka tann pou pataje ekspètiz avèk ekspè sante lokal yo ak lidè kominote yo pou ede sispann pwopagasyon viris la".

Sit tès St. Petersburg lan ajoute angajman Eta New York pou ede lòt vil ak eta yo konbat COVID-19 nan peyi a. Anplis de atik yo n ap bay St. Petersburg kòm don jodi a, New York te fè don apeprè 250,000 atik PPE ak materyèl tès bay lòt eta pandan y ap lite kont dènye gwo monte COVID-19 nan eta yo a. Lendi pase, Gouvènè Cuomo te anonse ke Eta New York te etabli de sit tès nan legliz nan zòn sansib ak COVID-19 yo nan [Savannah, Georgia](#). Anvan sa, Gouvènè a te anonse ke Eta New York te etabli de sit tès nan legliz nan zòn sansib ak COVID-19 yo nan [Houston, Texas](#). Nan dat 13 jiyè, Gouvènè Cuomo te anonse Eta New York pral voye ekip tès ak trasaj kontak nan [Atlanta, Georgia](#). Nan dat 10 jiyè, Gouvènè Cuomo te anonse Eta New York ap voye medikaman Remdesivir pou COVID-19 bay [Florida](#) piske eta a gen difikilte avèk reyaparasyon ka yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)